

## Rezime Vòt An

### **Kesyon Vòt #1: Ajoute yon Deklarasyon sou Valè pou Gide Administrasyon an**

Pwopozisyon sa a kreye yon prefas pou Manman Lwa Vil New York (New York City Charter) la.

Yon prefas se yon deklarasyon nan kòmansman yon dokiman legal ki eksplike objektif li. Manman Lwa Vil New York pa gen yon prefas pou kounye a. Ajoute yon prefas ta pèmèt rezidan New York yo adopte yon vizyon ak deklarasyon sou ka fondasyon ki gen entansyon gide administrasyon vil la nan ranpli devwa li yo.

Men sa w ap jwenn nan prefas Manman Lwa Vil New York la:

#### Prefas

Nou menm, moun ki nan vil New York, nou deklare vil nou an se yon demokrasi militrasyal, e divèsite nou se fòs nou. Nou onore epi respekte kilti, lang ak istwa tout moun k ap viv e ki te viv sou tè sa e ki konsidere l kòm lakay yo, epi nou selebre imajinasyon revolisyonè yo, kouraj ak rezistans yo.

N ap fè efò pou nou vin yon vil kote yo rekonèt epi aksepte valè, talan ak kontribisyon chak rezidan New York, epi kote ekite ak enklizivite, otonomi kominote a, aksesibilite ak opòtinite pou chak rezidan New York se estanda enkondisyonèl nou gen responsabilite pou nou kenbe nan tout aspè nan gouvènans, biznis ak livrezon sèvis.

Nou fè efò pou asire ke chak moun ki abite nan vil New York gen opòtinite pou yo pwospere ak:

- (i) yon anviwònman moun viv an sekirite, an sante e dirab;
- (ii) yon katye fleksib ki sèvi ak enfastrikti ak sèvis bon jan kalite e aksesib ansanm ak yon ekonomi lokal solid;
- (iii) espas piblik vivan e akeyan atravè vil New York, kote tout moun jwenn plas yo epi yo ka deplase libelibè;
- (iv) resous ki nesèsè pou pwospere ekonomikman epi bati richès;
- (v) lojman sekirite e abòdab;
- (vi) bonjan kalite sipò pou timoun ak jèn nan domèn kiltirèl, tankou edikasyon pou timoun piti soti nan prematènèl jiska douzyèm ane;
- (vii) swen sante, twomatis ak swen sante mantal ki gen konpasyon e adapte ak kilti a;
- (viii) aksè ak opòtinite pou patisipe yon fason klè nan desizyon gouvènman an; epi
- (ix) tretman imanite, senpati ak respè.

Nou rekonèt vil New York chita sou teritwa tradisyonèl premye abitan li yo, moun Lenape yo, epi n ap fè efò pou nou onore fason yo te jere tè a lè nou pwoteje anviwònman nou ak tout bèt vivan yo.

Nou rekonèt gwo enjistis ak atwosite ki fè pati listwa peyi nou an, tankou esklav Afriken yo ki te konn travay fòse, kolonyalis ki te deplase moun endijèn yo pou kite tè yo, devalorizasyon epi mal peye travayè imigran yo, ak diskriminasyon, segregasyon rasyal, anprizònman anmas ak lòt fòm vyolans ak inegalite sistemik gwoup majinalize, tankou, Nwa, Endijèn, Latinx, Azyatik, Zile Pasifik la, Mwayen Oryan ak lòt Moun ki gen koulè, fanm, minorite relijye, imigran, moun ki LGBTQ+, moun ki andikape ak lòt ankò kontinye ap fè fas. Nou rekonèt tou ke enjistis sistemik sa yo nan fondasyon anpil nan estrikti sosyete a ak enstitisyon, epi yo te lakòz gwo domaj fizik, emosyonèl, sosyal e sikolojik pwofon ak chòk lakay moun, fanmi ak kominote yo. Yo te lakòz tou pèt toupatou nan opòtinite ekonomik ak richès entèjenerasyonèl. Efè mal sa yo pwofondeman anrasinen, sistemik e y ap kontinye. Nou dwe toujou sonje nou dwe vijilan pou anpeche repetisyon mal ki pase yo oswa pou yo kontinye vin pi grav. Nou dwe ajè entansyonèlman pou rezoud mal ki pase epi k ap kontinye sa yo epi pou rekonstwi, revize e reimajine fondasyon, estrikti, enstitisyon, ak lwa nou yo pou ankouraje jistis ak ekite pou tout rezidan New York yo.

Valè kolektif ki tabli nan prefas sa a pral gide fonksyonman administrasyon vil nou an epi enfòm epi fòm fason vil la pral egzekite devwa, obligasyon ak otorite l yo, epi defann ak pwoteje dwa ki tabli nan manman lwa a.

Nou menm, moun ki nan vil New York, nou ini nan detèminasyon nou pou konstwi yon vil jis e ekitab pou tout moun, rekonèt efò rezidan New York sa yo, pase ak prezan, ki te goumen pou ekite rasyal ak jistis sosyal, onore kontribisyon moun New York ki te soufri nan non libète, epi rekonèt tout moun ki te goumen, bagay e reve pou yon lavi miyò ak yon pi bon vil. Ansanm, nou kanpe sou zepòl yo pandan n ap avanse avèk fòs konviksyon nan direksyon yon demen ki pi briyan pou tèt nou, pitit nou yo ak jenerasyon k ap vini yo.

Pwopozisyon prefas sèvi pou gide ajans ak dirijan vil yo nan akonplisman fonksyon yo anrapò ak planifikasyon, revizyon pwogram ak odit. Li pap kreye yon dwa dirèk oswa endirèk nan pou aplike kondisyon li yo oswa egzijans nenpòt lòt dispozisyon lalwa. Li ta dwe antre an vigè yonfwa sètifikasyon elektè yo apwouve amandman sa yo nan Manman Lwa a.

## **Kesyon Vòt #2: Etabli yon Biwo, Plan ak Komisyon Ekite Rasyal**

Pwopozisyon sa a pral kreye yon Biwo Ekite Rasyal (Office of Racial Equity), egzije yon Plan Ekite Rasyal nan tout vil la chak dezan, epi kreye yon Komisyon Ekite Rasyal (Commission on Racial Equity) pou reprezante bezwen kominote yo epi revize piblikman Plan Ekite Rasyal nan vil la. Ekite rasyal vle di reyalizasyon ekite ak yon anfas patikilye sou ras ak karakteristik kwaze epi li gen ladann yon pwosesis pou redwi diferans ki genyen nan byennèt ant gwoup rasyal, nan objektif pou garanti plis ekite pou tout moun.

Administrasyon Vil Nouyòk pa gen yon ajans ki konsantre l espesyalman sou kreye ak pwomouvwa ekite, avèk yon anfas sou ekite rasyal. Pwopozisyon sa a etabli yon kad pou planifikasyon ak evalye efò administrasyon vil la pou fè pwomosyon ekite.

### ***Biwo Ekite Rasyal***

Amanman ki pwopoze a pral kreye yon Biwo Ekite Rasyal (Office of Racial Equity), k ap dirije pa yon Ofisye Ekite anchèf (Chief Equity Officer) ke Majistra a nonmen, nan nivo chèf ajans oswa majistra adjwen. Biwo a pral disponib pou travay avèk chak ajans vil la pou fòme epi bay asistans teknik sou ekite rasyal. Chak dezan, chak ajans vil la, avèk konsèy Biwo Ekite Rasyal la, pral devlope yon Plan Ekite Rasyal.

Biwo a pral enkòpore Plan Ekite Rasyal ajans lan nan yon Plan Ekite Rasyal pou tout vil la. Biwo an pral etabli estanda pou ajans yo konsènan koleksyon ak rapò done pou mezire diferans ki genyen nan byennèt nan nivo rasyal, etnik, oswa lòt gwoup ak kominote yo. Biwo Ekite Rasyal la pral idantifye “katye priyorite” yo dwe mete aksan sou yo nan Plan Ekite Rasyal yo selon inegalite ki genyen nan ekite, sante, oswa fado sosyoekonomik yo, oswa sou potansyèl katye a pou yo afekte yon fason ki non pwopòsyonèl pa evènman fiti ki ta ka agrave diferans sa yo.

Anplis wòl li nan pwosesis devlopman Plan Ekite Rasyal la, Biwo Ekite Rasyal la pral etabli yon pwogram Konsepsyon Aksè nan tout vil (Citywide Access Design program) la pou ogmante aksè ekite epi redwi baryè ki genyen nan pwogram, sèvis, kominikasyon ak pran desizyon nan vil la. Biwo Ekite Rasyal la pral sipòte tou ajans yo nan priyoreze devlopman ak aplikasyon politik ak pratik pou adrese "majinalizasyon" moun oswa kominote yo, ki pral gen ladan travay pou limite itilizasyon kazye jidisyè ak verifikasyon antesedan, etabli altènatif pou ranfòsman pinitif, amelyore anbochaj ekite ak pwomosyon nan mendèv Vil la, kreye distribisyon ekite nan resous atravè katye yo, epi redwi oswa elimine segregasyon salè oswa pwofesyonèl.

Pwopozisyon an pral kodifye tou Gwoup Travay sou Enklizyon Rasyal ak Ekite (Taskforce on Racial Inclusion and Equity), ki te kreye an 2020 an. Dapre pwopozisyon sa a, Gwoup Travay sou Enklizyon Rasyal ak Ekite la pral lokalize nan Biwo Ekite Rasyal la epi dirije pa youn oswa plizyè prezidan ki nonmen pa Ofisye Ekite anchèf la an konsiltasyon avèk Majistra a ak lòt manm ki nonmen pa Ofisye Ekite anchèf la an kolaborasyon ak ajans travay yo. Gwoup Travay sou Enklizyon ak Ekite Rasyal la ta bay Ofisye Ekite Anchèf la konsèy politik epi kowòdone efò administrasyon an pou ogmante ekite rasyal la.

### ***Plan Ekite Rasyal***

Amanman ki pwopoze pral egzije Majistra a pou l kreye yon Plan Ekite Rasyal nan tout vil la

ak ajans pou kreye Plan Ekite Rasyal chak dezan. Plan Ekite Rasyal nan tout vil la ak Plan Ekite Rasyal ajans yo, jan sa dekri pi wo a, pral idantifye epi kominike piblikman objektif ak estrateji a kout tèms epi a long tèms yo, pou amelyore ekite rasyal ak jistis. Plan yo pral genyen tou endikatè done, ki gen ladan mezi nivo katye yo, pou mezire nivo pwogrè nan travay ekite rasyal epi montre efè travay la ap genyen sou byennèt ak inegalite. Pwogrè sa pral enkli nan yon rapò pwogrè chak dezan. Kalandriye planifikasyon ekite rasyal la estriktire pou eklere pwosesis planifikasyon bidjè a.

### *Delè ak Kalandriye*

Yon brouyon premye Plan an ta dwe delivre pa pita ke 16 janvye 2024, ak plan final lan ki dwe delivre pa pita ke 26 avril 2024, ansanm ak bidjè preliminè ak egzekitif Majistra a. Estrateji a kout tèms yo pral adrese de (2) ane fiskal k ap vini yo. Premye rapò konplè pwogrè an ta dwe rive an septanm 2026. Kalandriye sa a fèt pou ankouraje ajans yo mete estrateji ekite yo ansanm pandan y ap mete bidjè yo ansanm, epi lè yo fè sa, pèmèt estrateji ekite sa yo eklere bidjè depans ak kapital yo.

### ***Komisyon sou Ekite Rasyal***

Amanman ki pwopoze pral kreye yon Komisyon sou Ekite Rasyal (Commission on Racial Equity) ki konpoze de 15 moun ki abite Vil Nouyòk, ki gen entansyon mete pèspektiv kominote Vil Nouyòk yo nan pwosesis pou pran

desizyon yo. Komisyon an pral idantifye epi pwopoze priyorite kominotè yo pou eklere pwosesis planifikasyon ekite rasyal la, epi revize epi fè kòmantè piblik sou ajans ak Plan Ekite rasyal nan tout vil la, ki enkli done yo ta dwe kolekte yo. Komisyon an pral siveye tou piblikman konfòmite ajans lan nan pwosesis planifikasyon ekite rasyal la, epi li ka resevwa plent sou konduit ajans lan ki petèt ogmante inegalite rasyal.

### *Komisyonè yo*

Komisyon an pral dirije pa yon prezidan ke Majistra a ak Prezidan Konsèy Vil la nonmen ansanm. Majistra a pral nonmen sèt (7) komisyonè. Prezidan Konsèy Vil la ta dwe nonmen senk komisyonè, ak yon reprezantan nan chak minisipalite. Kontwolè an ta dwe nonmen yon komisyonè, epi Avoka piblik lan ta dwe nonmen yon komisyonè. Yon moun Majistra nonmen ak yon reprezantan Prezidan Konsèy Vil la nonmen ta dwe reprezante pèspektiv ak enkyetid Nouyòkè ki poko gen 25 yo.

Nan nominasyon yo, chak ofisyèl ki eli ta dwe konsidere, pami lòt konsiderasyon, moun ki nonmen ki reprezante, oswa ki gen eksperyans nan defann, moun ki se Nwa, Latino, Endijèn, Azyatik, Zile Pasifik la, Mwayen Oryan, ak tout moun Koulè; imigran, moun ki limite nan angle, moun ki gen andikap, elèv, jèn, ansyen, moun ki LGBTQ+, moun ki enplike nan jistis, moun k ap resevwa avantaj piblik yo, moun ki abite nan lojman piblik, ak lòt moun yo. Yo dwe konsidere tou moun ki gen ekspètiz nan ekite rasyal oswa jistis rasyal.

### **Kesyon Vòt #3: Mezire Vrè Pri Lavi an**

Pwopozisyon sa a pral egzije pou gouvènman Vil la elabore ak rapòte, kòmanse an 2024, yon mezi “vrè pri lavi” anyèl pou konbyen sa koute pou viv nan Vil New York san konsidere asistans ni piblik, ni prive, ni enfòmèl. Mezi ki pwopoze a fèt pou konsantre sou diyite olye de sou pòvrete, paske l ap konsidere pri satisfè bezwen esansyèl tankou, pami lòt bagay, lojman, gadri, depans pou timoun ak depandan, manje, transpò, swen medikal, rad, pwodui ijyèn jeneral, pwodui netwayaj, atik pou kay, sèvis telefòn, ak sèvis entènèt.

Yo dwe rapòte mezi “vre pri lavi an” anplis estanda ki sèvi yo pou mezire pòvte oswa etabli kalifikasyon pou avantaj piblik. Li p ap kreye dwa aksyon ni dirèk ni endirèk.